



# Eske yo kapab fe locate dwe peye direrektaman

Eske pwopriyetè ou a mande pou ou peye pou dlo akòz yon nouvo lwa leta Massachusetts? Pandan lwaye tou jou gen ladan li pri dlo, anba nouvo lwa sa-a, nouvo pwopriyè yo kapab fè ou peye pou dlo, **men sèlman si kondisyon say o reyini:**

1. Ou lwe kay la apre 16 Mas, 2005

Yo kapab fè ou peye pou dlo apa sèlman si ou antre nan kay la aprè 16 Mas 2005. Yo pakab fè ou peye si ou kòmanse rete nan kay la apvan 16 Mas 2005 – ki se dat nouvo lwa sou dlw a rantre an vigè.

2. Y'ap enstale mite endividyèl

Mèt kay la ap bay yon plonbye ki lisansye enstale yon mite (*yo rele sa sunb mite*) ki pwal mezire kantite dlo chak aptman itilize.

3. Enstale Low-Flow Fixtures

Mèt kay la dwe enstale low-flow, wobinèt ki pou konsève dlo, wobinèt pou douche ak.

4. Ansyen locate-a te degèpi

Si locate kit e la anvan pat konn peye pou dlo e si lit e oblije fòse kite kay la, mèt kay la pap kapab fò lot moun k'ap vin abite nan kay la peye pou dlo. Se yon jan pou anpeche mèt kay yo mete locate deyò pou rantre nouvo locate ki pwal peye pou.

5. Gen yen yon kontra ekri

Ou dwe genyen yon kontra lwaye ekri e ki siyen ni pa mèt kay la, ni pa oumen e ki di klè se wou ki pou peye pou dlo e ki sa akò-a di sou peman-an.

6. Sètifika kont dife

Mèt kay ki peye dlo separeman dwe gen yon sètifika ki soti nan Bò Lokal Depatman Sante ou byen Depatman ki sètifye mèt kay la reponn ak tou kondisyon ki anwo.

Si mèt kala pa satisfè kondisyon say o li pap kapab fè ou peye pou dlo direkteman.